

MHINDU DZOKURARAMA

MUSUMO WE MHINDU DZOKURARAMA

KUSAVE NECHOKWADI CHEZVIRI MBERI...

Tinorarama mu - nyika - isina kugadzikana .

MHINDU DZOKURARAMA

Mafungiro okugumbatira

Chinhu chokukumbira

Dzidziso yokutenda kwairi

1. **Miedzo hainzvengeki.** Kuomerwa munyika youtadzi
hakuna mubvunzo .
2. **Miedzo inotiumba kana kutiparadza.** Tinogona kutarisa
chero dambudziko se tsekwende yatisingagoni kukunda
kana somukana mukuru.
3. **Vakundikani vanoramba vakamira pakubvunza kuti
sei, vachiramba vakabatirira mukurwadziwa kwavo.**
Havatsuduruki pakubvunza kuti “Sei ini, Ishe?” uye
kuti sei - iko zvino ?”

MIBVUNZO YEKEREKE YOKUTANGA ...

- Jesu, ndoita seiko ini?
- Ndogadzirisa sei chimiro chandinacho nemhuri yangu?
- Muri kuti kudii nezvohutano hwangu?
- Ko kana ndikarasikirwa nebhizimusi rangu?
- Ramangwana rangu rineiko?
- Ndoendepiko ndichibva pano?

MUBVUNZO

Ndoupi muedzo waungadaro wakatarisana nawo muupenyu hwako pari zvino?

MAFUNGIRO OKUMBUNDIKIRA

“Hama dzangu, muti mufaro chaiwo, pose pamunosangana nemiedzo mizhinji zhinji, nokuti munoziva kuti kuedzwa kwokutenda kwenyu kunobereka kutsungirira. Kutsungirira ngakupedze basa rako kuti muve vakuru uye vakakwana, musingashayiwi chinhu.” (Jakobho 1:2-4)

“Regai kutsungirira kupedze basa rako.” Jakobho 1:4

MIBVUNZO MITATU INOKOSHA YOKUTI “CHII” ...

Mubvunzo wokutanga: Chii chandingagona kugadzirisa kana nyika yangu yoparara?

Mhinduro: Maitiro

Mubvunzo wechipiri: Chii chandinofanira kuita kuti ndibudirire nhasi?

Mhinduro: Tsungirira

Mubvunzo wechitatu: Ndine tariro yei yeramangwana?

Mhinduro: Tenda / Bvuma kuti Mwari vachatora zvakaipisira zvatinosangana nazvo nhasi Vozvishandisa kubudisa zvakanaka.

Jakobho unotiraira kuti tirege kutsungirira kupedze basa rako kuti “tikure, tive vakakwana (Vara rechiGiriki telios) vasingashaiwi chinhu,” (Jakobho 1:4).

“Avo vaakagara aziva, wakagarawo avatemera, kuti vafanane nomufananidzo woMwanakomana wake.” (VaRoma 8:28)

Bhuku raVaHebheru rinotiudza nezvamagamba akawanda okutenda asina kumboona kuzadziwa kwezvivimbiso zvaMwari nokuzara kwazvo. Vaingofanira bedzi kuvimba naVo. Uye nemhaka yokuti vakadaro, nokuti vakaisa tariro yavo mberi kwezvavaisangana nazvo mukurarama, “nyika yakanga isina kuvafanira” (VaHebheru 11:38).

“Anofara munhu anotsungirira mukuedzwa nokuti, kana amira pakuedzwa, munhu iyeye achagamuchira korona youpenyu iyo Ishe akavimbisa vaya vanomuda” (Jakobho 1ndima 12).

MAONERO PAMUSORO PAMARWADZO

1. Mwari vanoshandisa nhamo kuti vatikudze nokuti tinomani-
kidzwa **kuvimba** navo padanho idzva.
2. **Tinorumurwa** fkubva muzvinhu zvenyika nezviitiko
zvomuupenyu, tomanikidzwa kuongororazve tsika dzedu,
zvatinokoshesa, zvatinozvipira kwazviri neramangwana..
3. Miedzo inotibvumira **kupupura** zvatinoona muhuvapo
nesimba raMwari.
4. Miedzo inoshanda **sechapupu** tchamandorokwati
kunyika.
5. **Tinova** vanhu vanonzwira, vane hanya, vane tsitsi, vakafa-
nana naKristu.

MUBVUNZO

Ndaapi maitiro andinofanira kugadzirisa muupenyu hwangu
kuti ndigone kukura paya pandinosangana netsekwende?

CHINHU CHOKUKUMBIRA

MIPETA MIVIRI YAVANHU...

1. Vanhu vanoramba vachibvunza kuti sei
Vanongotarisa zvavanoda ivo vachizvinzwira tsitsi.
2. Vanhu vanongotarisa kuti chii chavanofanira kuita
kuti vave zviri nani. Ava ndivo vanobudirira..

MIBVUNZO MITATU INOKOSHA YOKUTI “CHII” ...

1. Chii chandingagona kugadzirisa kana nyika yangu
yoparara? mafungiro angu.
2. Chii chandinofanira kuita kuti ndibudirire nhasi?
tsungirira.
3. Ndine tariro yei yeramangwana?
Mwari vemasimba ose, vanoziva zvose, vanotivimbisa
kutora zvose zviri kuitika muupenyu huno
vozvishandura kuti zvindinakire, pangave pasi pano
kana kudenga.

ZVOKUITA KANA WAPERERWA

“Zvino kana mumwe wenyu achishaiwa kuchenjera ngaakumbire kunaMwari, unongopa vose asingazotuki; uchapiwa hake. Asi ngaakumbire nokutenda, asinganyunyuti napaduku; nokuti munhu unonyunyuta wakaita sefungu regungwa rinosundwa nemhepo richimutswa-mutswa. Munhu uyu arege kufunga kuti uchazowana chinhu kunaShe; munhu, unemoyo miviri, unoshanduka-shanduka panzira dzake dzose.” (Jakobho1:5-8)

Zvinopiwa naMwari :

Zvokudenga zvinoshamisa uchenjeri

Musenzekete Wedu:

Tinofanira kuhukumbira .

Mafungiro/ Maonero aMwari:

Vakasununguka uye vanopavhurira

CHIGA CHIMWE CHETE

“Asi ngaakumbire nokutanda asinganyunyuti....”(Jakobho 1: 6)

Munhu anonamatira kuziva kuda kwaMwari sokungowedzera
ruzivo, sechinhu chokufunga nezvacho, pasina

kuzvipira - kutevera unowana mhinduro inongove pachena:

“ Munhu uyu arege kufunga kuti uchazowana chinhu kunaShe;
(Jakobho 1:7)

PANGUVA DZAKO DZOKUTSVAGA

1. Bvuma kuti wapererwa.
2. Cherechedza kuti hapana zvaunogona kuita uri woga.
3. Vakumbire uchenjeri hwavo hunoshamisa.
4. Iva unoda kuita zvose zvinodikanwa nouchenjeri
hwaVo

DINGINDIRA RINOWANZOBUDA MUMAGWARO OSE NDEROKUTI...

Iye “ari pedyo nevane mwoyo yakaputsika uye anoponesa kaya vano mweya wapakwanyika.” (Pisarema 34:18)

Vanotikoka kuti tiswedere kuchigaro chavo nechivimbo – “kuti tigamuchire ngoni tiwane nyasha dzokutibatsira munguva yedu yokushayiwa.” (VaHebheru 4:16).

Mwari vanokupa zvinhu zvakanosha kwazo pasi rose:

Uchenjeri HwaVo.

Vanokutungamirira mumamiriro ezvinhu zvako nyasha dzakakwana kuti ugone kubata zuva roga roga nechivimbiso chokuti Vanoshanda zvose pamwe chete kuti zvikunakire.

MUBVUNZO

1. Ndapapi paunoda uchenjeri hunoshamisa hwaMwari nhasi??
2. Pane imwe nzvimbo yaungaramba kubatsirwa naMwari here usingadi kuita zvaVanokumbira?

DZIDZISO YEKUTENDA

Chombo chaSatani chine simba kwazvo... kuodza mwoyo

KUURAYA CHIKARA CHOKUORA MWOYO

Kushaya kurudziro kunobvisa kuvimba uye kunoita kuti tiore mwoyo. Zvishoma nezvishoma, zvinotipwisa tobvuma kuti hatina simba, kuti hapana chichashanduka, kuti kunyange kuedza hazvina musoro. Kunzwa ikoko ndiko kunoita kuti tibvume zvatisingadi, tiite zvokugurira, uye kuzvisiya kunoratidzika sokunge ndiyo chete sarudzo yechokwadi.

KUONGORORA

Hurongwa hwaMwari hunotanga ne maonero: **Kutsungirira nomufar**

Mafungiro iwayo anoburitsa mhedzisiro: **yokuti tive vakuru, vakakwana, vasina chavanoshayiwa**

Mwari vano tipawo chinhu chinokosha:
Uchenjeri Hunoshamisa.

Hurongwa hwaMwari hunotanga ne maonero:
Kutsungirira nomufar

MWARI VANOTIPA DZIDZISO - MAONERO MATSVENE ECHOKWADI CHIRI MUFANANIDZO MUKURU PAMUSORO POUPENYU, ZVAKATIKOMBEREDZA, UYE RAMANGWANA REDU.

“asi hama iri muduku ngaafare nokukudzwa kwake; nomufumi nokuninipiswa kwake —nokuti uchapfuura seruva rouswa. Nokuti zuva rinobuda pamwe chete nemhepo inopisa ndokuomesa uswa; ruva rabwo rinowira pasi, uye kunaka kwabwo kwakanga kwaonekwa kunoparadzwa. Nenzira imwe cheteyo, mupfumi uchasvava panzira dzake.” (Jakobho 1:9-11)

“Wakaropafadzwa munhu uyo unotsungirira pakuidzwa, nokuti kana atendwa, uchagamuchira korona youpenyu yakavimbisa avo vanomuda.” (Jakobho 1:12)

HUPENYU HUNOPFUURA

“Nokuti zuva rinobuda pamwe chete nemhepo inopisa ndokuomesa uswa; ruva rabwo rinowira pasi, uye kunaka kwabwo kwakanga kwaonekwa kunoparadzwa.” (Jakobho 1:11)

USAKANDA MAPFUMO PASI!

“Kumunhu anenge akunda muedzo iwoyo, “munhu iyeye achagamuchira korona youpenyu.” (Jakobho 1:12)

“Hatiori moyo, kunyange tichipera kunze; asi mukati tiri kuvandudzwa zuva nezuva. Nokuti kutambudzika kwedu kwakareruka, ndokwechinguvana, kuri kutiitira kubwinya kwakaisvo naka kusingaperi; tisingatarisi pazvinhu zvinoonekwa; asi zvisingaoneki; nokuti zvinoonekwa ndezvenguva duku, asi zvisingaoneki ndezvokusingaperi.” (2 VaKorinte 4:16-18)

KUSHINGIRIRA PANGUVA DZAKOMA

1. Wana maonero aMwari pa mamiriro ako.
2. Wana maonero aMwari pane ramangwana rako.
3. Wana maonero aMwari pa kukurudzirwa kwako.

HAUSI MUKUNDIKANI

1. Kutenda kwangu kuri muzvinhu zvinoparara kana muzvinhu zvinogara nokusingaperi?
2. Tariro yangu inomisikidzwa nohukuru hwe matambudziko angu here kana nechokwadi che zvivimbiso zvaMwari?
3. Kurudziro yangu huru ndeyo kuda Kristu here kana kuti ndeye chijairira kuda rubatsiro?

Pane mhindu dzokurarama, uye Mwari vanoda kuti udzidzidze

POSE UNOTANGA KUORA MWOYO, RANGARIRA RUTENDO, TARIRO, NORUDO.

1. Rutendo ru nosimbisa moyo nepfungwa dzako pakuti Mwari ndivo vari kutonga.
2. Tariro inokuyeuchidza kuti uri mwana wavo uye kuti ivo vane nzvimbo, hurongwa, uye chivimbiso chako.
3. Rudo runobvisa pfungwa dzako pakutarisa matambudziko, rwokutungamirira kumaropafadzo anouya nokutambura nokuda kwaMwari sechiratidzo chokuzvipira kwako.

NHANHO DZINOTEVERA

Tarisa kodhi kuti uwane zvimwe zviwanikwa



